

2023

SERI ENFÒMASYON POU PARAN YO  
Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland:

# Avi sou Dwa Paran ak Règleman Pwosedè yo

Edikasyon  
Espesyal  
Pwosesis

Dwa Parantal

Konprann IEP a

Tranzisyon  
Segondè





## ENTWODIKSYON

Avi sou Dwa Paran ak Règleman Pwosedè Maryland yo fè pati Seri Enfòmasyon Twa jiska Venteyen Paran Maryland yo (Three Through Twenty-One Parent Information Series), yon koleksyon piblikasyon ki fèt pou sipòte fanmi yo nan tout eta a nan pwosesis edikasyon espesyal ak sistèm sèvis nan Maryland lan.

# TAB MATYÈ

paj 4

**Avi sou Dwa Paran ak Règleman  
Pwosedè yo**

---

paj 4

**Sa Lalwa Di**

---

paj 5

**Konprann Dwa Ou yo**

---

paj 8

**Yon Lis Kontwòl pou Paran yo**

---

paj 10

**E si Mwen Gen Kèk Kesyon oswa  
Mwen Bezwen Èd?**

---

Pou plis enfòmasyon, vizite nou sou  
**[www.marylandpublicschools.org](http://www.marylandpublicschools.org)**



## Dwa Paran Maryland yo ak Avi sou Règleman Pwosedè yo

Chak fanmi ki gen yon timoun ki refere pou kalifikasyon pou sèvis edikasyon espesyal nan Maryland resevwa yon kopi ti liv ofisyèl règleman pwosedè Eta a pou premye fwa.

Ti liv ofisyèl règleman pwosedè a gen ladann yon eksplikasyon konplè sou dwa parantal yo jan Lwa federal sou Edikasyon pou Moun Andikape yo [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] ak Règleman Anote Kòd Maryland [Code of Maryland Annotated Regulations (COMAR)] lan tabli.

Kòm yon pati nan ti liv Dwa Parantal yo ak Règleman Pwosedè yo, yo bay fanmi yo

enfòmasyon sou ki moun ak ki kote pou yo rele pou enfòmasyon sou règleman pwosedè yo. Tout Ajans Edikasyon Lokal (LEA) yo ak Ajans Piblik (PA) yo gen anplwaye Sipò Familyal pou ede paran yo konprann dwa yo epi navige nan pwosesis edikasyon espesyal la.

Fanmi yo dwe resevwa Dwa Paran yo: Ti liv Règleman Pwosedè yo, lè yo refere pitit yo pou sèvis edikasyon espesyal, omwen chak ane apre sa, lè yo resevwa yon plent leta alekri oswa yon plent pou pwosedè regilye, lè yo pran desizyon pou sispann yon elèv ki gen yon IEP\* epi si paran yo mande l.



## Sa Lalwa Di

The Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) se yon lwa federal ki garanti sèvis pou timoun ki gen andikap yo nan tout nasyon an. Objektif pou rasire tout timoun andikape yo gen a disponiblite yo yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye ki mete aksan sou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo ki fèt pou satisfè bezwen inik yo epi prepare yo pou plis edikasyon, travay, ak lavi endepandan.





## Konprann **Dwa Ou** yo

### **NAN MARYLAND, FANMI YO GEN DWA POU:**

#### **Resevwa enfòmasyon nan lang natif natal yo**

Lwa Maryland egzije pou IEP yon elèv tradui nan lang natif natal fanmi an si plis pase yon pousan nan popilasyon nan sistèm lekòl la pale lang lan. Ti liv Règleman Pwosedè Dwa Parantal yo disponib nan vennsenk lang diferan e li aksesib pou fanmi yo tande atravè MP4 ak YouTube. Ti liv Règleman Pwosedè Dwa Parantal Maryland lan disponib tou sou demann pou fanmi ki gen pwoblèm vizyon.


#### **Resevwa enfòmasyon sou desizyon ekip IEP a konsènan pwogram edikasyon pitit yo a nan yon tan rezonab anvan yo aplike yo**

Paran yo dwe gen avi nan yon tan rezonab anvan lekòl la fè chanjman nan pwogram edikasyon pitit yo a, tankou idantifikasyon, evalyasyon, plasman, objektif ki aplike yo, akomodasyon yo, oswa sèvis pitit yo resevwa yo.

#### **Egzije pou ke enfòmasyon pèsònèl pitit yo ak fanmi yo an rete konfidansyèl**

Fanmi yo gen dwa pou revize dosye edikasyon pitit yo a epi mande pou yo korije li si yo santi li genyen enfòmasyon ki pa kòrèk. Tout LEA ak PA yo ta dwe gen yon règleman ak pwosedè pou fanmi yo swiv konsènan amannman dosye elèv yo.

Konsantman paran yo nesèsè anvan yo divilge nenpòt enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman pitit yo, eksepte nan kèk ka. Se pa tout dokiman sou yon timoun ki konsidere kòm yon pati nan dosye edikasyon yo, sepandan, enfòmasyon yo dwe toujou rete konfidansyèl epi yo pa ka divilge yo san konsantman yon paran, ak kèk eksepsyon. Dosye edikasyon yon timoun ap detwi nan yon peryòd tan espesifik apre yo fin kite sistèm lekòl la, sepandan, yon paran ka mande dokiman nan dosye edikasyon yo jiskaske li detwi. Transfè dosye yon elèv ant lekòl piblik kote elèv la te ye, ak kote li pral ale, pa mande konsantman paran yo epi yo dwe fèt rapidman. Transfè dosye ant yon lekòl piblik ak yon lekòl prive yo nesèsite konsantman paran yo.



## **Mande pou sistèm lekòl yo a peye pou yon Evalyasyon Edikasyon Endepandan [Independent Educational Evaluation (IEE)].**

Si yon fanmi pa dakò ak rezilta yon evalyasyon LEA oswa PA te fè, yo gen dwa pou yo mande pou yon evalyatè endepandan ki pa anplwaye nan sistèm lekòl la oswa ajans lan fè evalyasyon pitit yo epi pou LEA oswa PA finanse evalyasyon an. Fanmi an kapab mande yon IEE tou si yo fè yon referans pou yon evalyasyon edikasyon espesyal epi pa gen okenn repons bò kote ekip IEP elèv la nan delè espesifik yo. Lè yon fanmi mande yon IEE, LEA oswa PA a dwe reponn nan lespas 30 jou swa lè yo dakò ak demann pou finanse evalyasyon an oswa pou yo mande rezolisyon fòmèl dispit la pou defann evalyasyon yo.

## **Atann pitit yo a pral genyen pwoteksyon disiplinè.**

IDEA bay pwosedi ak pwoteksyon trè espesifik ak detaye pou elèv ki gen IEP si LEA oswa PA pran sèten aksyon disiplinè. Pwoteksyon sa yo aplike pou elèv ki deja elijib pou sèvis yo, elèv ki nan pwosesis detèminasyon kalifikasyon yo, ak moun ki pa kalifye men ke LEA oswa PA ta dwe konnen ki te kalifye pou edikasyon espesyal.

## **Kenbe dwa pou pran desizyon edikasyon espesyal pou pitit yo.**

Nan Maryland, dwa pou pran desizyon edikasyon espesyal yo rete nan men paran yo lè pitit yo vin gen 18 an. Gen sikonstans limite kote dwa pou pran desizyon edikasyon espesyal yo ka transfere bay elèv la. Gen yon pwosesis pou sa fèt ak kritè ki dwe ranpli anvan yo ka fè transfè dwa pou pran desizyon nan laj majorite.

## **Mete pitit yo inilateralman nan yon lekòl prive, men pa atann pou sistèm lekòl la finanse plasman an otomatikman.**

Fanmi yo ka mete pitit yo nan yon lekòl prive si yo pa dakò ak plasman ekip IEP a te fè a, sepandan, yo pa ka asime LEA oswa PA a pral peye pou plasman sa a. Fanmi yo ka jwenn aksè a pwosesis rezolisyon pou konfli tankou medyasyon ak/oswa yon odyans sou pwosedi edikatif pou rezoud enkyetid yo konsènan plasman pitit yo.

## **Nonmen yon ranplasan si pa gen yon paran ki disponib**

Si yon elèv pa gen okenn moun ki satisfè definisyon paran ki disponib pou sipòte pwosesis edikasyon espesyal la, LEA oswa PA a ka nonmen yon paran ranplasan pou aji kòm paran pou elèv sa a. Paran ranplasan an pa kapab "eta a", sa vle di travayè sosyal ki plase pou elèv la pa ka nonmen kòm yon paran ranplasan. LEA oswa PA fòme yon paran ranplasan, epi Depatman Edikasyon Eta Maryland [Maryland State Department of Education, MSDE] a resevwa enfòmasyon sou randevou yo a.



### **Konsantman pou, oswa Anile Konsantman pou, Anpil Pwosesis Edikasyon Espesyal yo.**

Konsantman pou, oswa Anile Konsantman pou, Anpil Pwosesis Edikasyon Espesyal yo.

Konsantman paran yo obligatwa pou:

- Fè evalyasyon endividyèl yo
- Inisye sèvis edikasyon espesyal yo
- Patisipe nan estanda siksè akademik altène yo
- Patisipe nan evalyasyon altène eta yo
- Enkli itilizasyon kontrent oswa izòlman nan IEP oswa plan entèvansyon sou konpòtman pitit yo.

Fanmi an ka revoke konsantman anvan yo pou nenpòt nan aksyon sa yo a nenpòt ki lè.

### **Rezoud dezakò konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman nan edikasyon, oswa bay yon edikasyon piblik gratis, apwopriye pou pitit ou a.**

Pafwa asosye yo ka pa dakò sou sèvis pou yon timoun. Si gen dezakò, fanmi yo gen dwa pou yo chèche nenpòt (oswa tout) nan pwosesis sa yo: medyasyon, odyans pwosesis edikatif, plent ofisyèl devan eta a.

### **Medyasyon:**

Medyasyon se yon pwosesis konfidansyèl, volontè pou rezoud konfli. Yon medyatè ki resevwa fòmasyon ede asosye yo eksprime opinyon yo epi konprann pozisyon youn lòt sou pwoblèm nan. Wòl medyatè a se pou ede asosye yo diskite sou pwoblèm yo epi jwenn yon solisyon. Medyatè a pa pran yon pozisyon, pa pran pati, oswa rekòmande yon solisyon.

### **Odyans sou Pwosesis Edikatif:**

Odyans sou Pwosesis Edikatif se yon pwosedi ofisyèl ki fèt ak yon Jij Dwa Administratif. Pati yo prezante temwayaj epi bay temwen ak prèv pou sipòte pozisyon yo. Wòl Jij Dwa Administratif la se fè yon odyans, epi pran yon desizyon ki rezoud dezakò a.

### **Plent Ofisyèl Leta:**

Yo ka depoze yon Plent pou Eta a nan Maryland State Department of Education (MSDE) lan si yon paran kwè gen yon vyolasyon ki te fèt konsènan yon egzijans Individuals with Disabilities Education Act la (IDEA) oswa lwa oswa règleman Eta Maryland yo. Lè yo depoze yon Plent pou Eta a, MSDE a responsab pou mennen ankèt sou plent lan epi mande chanjman (si sa nesèsè) pou korije nenpòt vyolasyon an.





## Yon Lis Kontwòl pou **Paran yo**

### ÈSKE OU KA REPONN "WI" POU KESYON APRE YO?

Konprann sistèm regleman pwosedi Maryland lan enpòtan pou fanmi yo k ap patisipe nan edikasyon elèv yo a. Si ou pa ka reponn "wi" pou nenpòt nan kesyon ki anba yo, ekip lokal oswa MSDE pou sipò fanmi ou an ka bay enfòmasyon ak asistans.

#### **Pwosesis Edikasyon Espesyal la**

- Èske mwen konprann pwosesis edikasyon espesyal nan Maryland lan—ki gen ladan sèvis yo, pwosedi yo, delè ak règleman pwosedi yo?
- Èske mwen konprann pwosesis evalyasyon an ak kijan yo detèmine kalifikasyon an?
- Èske mwen konprann wòl mwen nan pwosesis evalyasyon an?
- Èske mwen te konnen mwen ka pataje enkyetid ak priyorite fanmi mwen an nan planifikasyon pou evalyasyon pitit mwen an?
- Èske mwen konprann mwen dwe bay konsantman alekri pou evalyasyon an?
- Èske mwen konprann mwen ka anile konsantman an a nenpòt ki lè pou nenpòt pwosesis ki mande konsantman mwen an?
- Èske mwen konprann poukisa pitit mwen an elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo?
- Si yo te jwenn pitit mwen an PA elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo, èske mwen konprann poukisa?
- Èske mwen konnen ki moun pou m kontakte si mwen bezwen èd pou m konprann regleman pwosedi mwen yo?

#### **The Individualized Education Program (IEP)**

- Èske mwen konprann objektif IEP a?
- Èske mwen konprann wòl mwen nan ekip IEP a?
- Èske mwen konnen delè pou konplete ak revize IEP a? Èske mwen konprann mwen ka mande yon revizyon IEP a nenpòt ki lè?





- Èske mwen konprann objektif IEP a pou pitit mwen an, ak estrateji ak sèvis yo pral itilize pou atenn objektif yo?
- Èske mwen konprann kijan objektif yo ka ede pitit mwen an fè tranzisyon apre li fin kite lekòl?
- Èske mwen konnen ki lè sèvis yo pral kòmanse, konbyen fwa ak ki kote yo pral bay yo, ak pou konbyen tan?
- Èske mwen te konprann mwen dwe bay konsantman alekri pou sèvis yo kòmanse?
- Èske mwen konnen kijan yon fwa mwen bay konsantman alekri pou sèvis yo kòmanse, mwen p ap bezwen fè sa ankò?
- Èske mwen konnen kijan yo pral detèmine pwogrè yo?
- Èske mwen konnen kijan pou mande chanjman nan sèvis yo?
- Èske mwen konprann kijan sèvis yo pral ede pitit mwen an reyisi nan lekòl la?
- Èske mwen konprann pwosesis tranzisyon an—ki gen ladan lòt ajans yo, aktivite tranzisyon yo, objektif yo, ak fason pwogram edikasyon pitit mwen an adapte pou sèvis sa yo?
- Èske mwen konprann pwosesis pou m soti nan lekòl la?

### **Patisipasyon Paran yo: Patisipe Totalman nan Pwosesis IEP a**

- Si mwen bezwen enfòmasyon ki pataje nan lang natif natal mwen oswa atravè yon mòd komunikasyon tankou langaj siy, èske ekip IEP lokal la reponn bezwen mwen an?
- Èske mwen konprann ki jan mwen ka ede pitit mwen an aprann lè mwen kolabore ak lekòl la?
- Èske mwen konnen kisa pou m fè si mwen gen yon enkyetid konsènan pwogram edikasyon pitit mwen an?
- Èske mwen okouran de pwogram defans ak sipò pou fanmi yo ak kijan pou mwen jwenn yo?
- Èske mwen konnen kijan yo pataje enfòmasyon edikasyonèl ak kijan yo kenbe dosye pitit mwen an konfidansyèl?
- Èske mwen sere dokiman ak nòt ki enpòtan pou pwogram edikasyon pitit mwen an?  
Dokiman ki gen ladan yo:
  - IEP aktyèl ak anvan yo
  - Rapò evalyasyon medikal yo
  - Rapò evalyasyon yo
  - Avi sou Dwa Paran/Règleman Pwosedi yo
  - Fòmilè divilgasyon enfòmasyon yo siyen yo
  - Nòt anseyan yo
  - Kominikasyon ki soti nan men founisè sèvis yo
  - Nòt nan reyinyon ekip IEP yo
  - Nòt nan konvèsasyon telefòn yo
- Èske mwen konnen Maryland gen yon rezo kowòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi (FSS) nan tout eta a? Kowòdonatè FSS yo disponib pou ede fanmi ki gen timoun ki gen andikap lè yo:
  - Reponn kesyon sou entèvansyon prekòs ak sèvis edikasyon espesyal
  - Sipòte fanmi yo nan planifikasyon pou tranzisyon an
  - Bay plis enfòmasyon sou rezolisyon dezakò.
- Èske mwen konnen responsab dosye mwen an kapab bay enfòmasyon—ki gen ladan enfòmasyon kontak—pou kowòdonatè lokal pou Sèvis Sipò pou Fanmi mwen an?



# E si mwen gen kesyon oswa Bezwen Èd?

## KOWÒDONATÈ LOKAL SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO

SISTÈM LEKÒL LOKAL	DAT NESANS JISKA 5 LANE	LAJ SOTI 5 RIVE 21 LANE
Allegany	240-920-6829	240-920-6829
Anne Arundel	410-424-3270	410-424-3258
Baltimore City	410-396-1666	443-642-3848
Konte Baltimore	443-809-9696	443-809-5443
Calvert	443-550-8406	443-550-8375
Caroline	410-479-3609	410-479-3609
Carroll	410-751-3955	410-751-3955
Cecil	410-996-6230	410-996-6230
Charles	301-934-7456	301-934-7456
Dorchester	410-901-6915	410-901-6915
Frederick	240-578-1244	240-236-8744
Garrett	301-914-1351	301-914-1351
Harford	410-273-5579	410-273-5579
Howard	410-313-7161	410-313-7161
Kent	410-778-5708	410-778-5708
Montgomery	240-777-4809	240-753-9487
Prince George's	240-521-5054	301-431-5675
Queen Anne's	410-758-2403, x135	410-758-2403, x135
Somerset	410-651-1616, x11385	410-651-1616, x11385
St. Mary's	301-475-5511, x32218	240-309-4113
Talbot	410-822-0330	410-822-0330
Washington	301-766-8221	301-766-8221
Wicomico	410-677-5250	410-677-5250
Worcester	410-632-5234	410-632-5234
Lekòl Maryland pou Avèg (Maryland School for the Blind)	410-444-5000, x1489	
Lekòl Maryland pou Moun Soud (Maryland School for the Deaf)	443-277-8899	
Depatman Edikasyon Eta Maryland (Maryland State Department of Education)	410-767-0255	

## **MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION**

### **Mohammed Choudhury**

Sipèntandan Lekòl Eta a [State Superintendent of Schools]

### **Doktè Deann Collins**

Sipèntandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj [Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning]

### **Clarence C. Crawford**

Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland [Maryland State Board of Education]

### **Wes Moore**

Gouvènè

© 2023 Maryland State Department of Education

Maryland State Department of Education, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal [Division of Early Intervention and Special Education Services] te devlope piblikasyon sa a ak lajan ki soti nan Depatman Ameriken pou Edikasyon [U.S. Department of Education], Sibvansyon #H393A090124A, Sibvansyon Edikasyon Espesyal pou Tibebe ak Fanmi “Fon Rekouvremant” dapre PL 105-17/111-5 Lwa sou Edikasyon Moun Andikape/Lwa Ameriken pou Rekipèrasyon ak Reinvestisman [Individuals with Disabilities Education Act/American Recovery and Reinvestment Act]. The Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services se ajans k ap jere Pwogram Maryland Infants and Toddlers la, pwogram sèvis ak sipò nan tout eta a ki kowòdone pa Leta ak ajans lokal ak òganizasyon yo. Itilizatè ki kopye oswa pataje enfòmasyon ki nan piblikasyon sa a dwe site Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services, Doktè Deann Collins, Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning kòm sous li.





410-767-0100



[www.marylandpublicschools.org](http://www.marylandpublicschools.org)



200 West Baltimore Street  
Baltimore, MD 21201-2595